

METE SEKIRITE NAN BIZNIS OU



IJANS 911
KIPA IJANS 252-9300

Antanke mèt biznis oubyen responsab biznis la ou ka pran kèk etap ki senp pou biznis la pa atire kriminèl.

BIWO POLIS NAN COLLIER COUNTY OFRI KONSÈY SA YO POU KENBE BIZNIS OU AK MOUN KAP TRAVAY AVÈ W YO AN SEKIRITE

- Panse enstale alàm ak video pou siveyans biznis la.
- Omwen fè de (2) anplwaye ansanm ouvri ak fèmèn biznis la chak jou.
- Pa kenbe anpil kòb nan kès la.
- Rete an alèt. Aprann rekonèt chak klyan. Veye moun kap trennen anndan epi ki pap achte anyen.
- Salye tout moun ki antre nan biznis la epi gade yo nan zye.
- Kenbe biznis la byen limen anndan kou deyò. Ranplase limyè ki brile yo san pèdi tan epi kenbe lantouraj biznis la pwòp.
- Chanje lè ak woute ou fè pou ale depoze lajan la bank.
- Asire ou ke kès la yon kote ki sou zye moun kap achte yo ak moun kap pase yo.
- Asire ou ke kès la yon kote ki sou zye moun kap achte yo ak moun kap pase yo.
- Toujou klete kòf lajan an.
- Detan zantan revize konsèy sa yo ak anplòye yo.

ANKA KE TA GEN YON VÒL KAP FÈT, BAY ANPLÒYE YO INSTRIKSYON SA YO:

- Rete kal.
- Pa fè gwo mouvman.
- Pou vòlè a pa pran sipriz fèl konnen gen lòt anplwaye ak moun kap fè livrezon oubyen kliyan kap antre nan biznis ki ka pantan sou li.
- Fè sa vòlè a mande ou la epi pa nan pale twòp.
- Obsève tout detay posib sou vòlè a. laj li, wotè l, ras li, si li gen bab, tatou, jan li pale, ak jan li abiye ka ede la polis kenbe l.
- Menm si vòlè a pa montre ou li gen zam toujou panse ke li genyen.
- Pa goumen ak vòlè a.

Pouka pran randevou pou yo vinn fè enspeksyon gratis sou sekirite biznis la rele **CCSO Crime Prevention Unit (la polis) nan 239-252-0700.**

Collier County Sheriff's Office
SHERIFF KEVIN J. RAMBOSK
EMERGENCY 911 NON Emergency 252-9300
www.colliersheriff.org

